

Kòman Pou Korije Dosye Salè Ou Nan Sekirite Sosyal



Si ou gen omwen 25 lane epi ou travay kote ou Speye taks Sekirite Sosyal, ou ta dwe resevwa yon *Social Security Statement* (*Etadkont Sekirite Sosyal*) chak ane, apeprè twa (3) mwa anvan anivèsè nesans ou. Ou ta dwe verifye *Etadkont* ou avèk atansyon pou asire li prezante egzaktman kantite lajan ou touche chak ane and epi ou tou pou asire ke non ou ak dat nesans ou kòrèk.

Si ou pa t resevwa yon *Etadkont*, ou ka mande youn sou Entènèt nan www.socialsecurity.gov oswa kontakte nou.

Pou kisa li enpòtan pou dosye salè mwen kòrèk?

Kantite lajan benefis Sekirite Sosyal ou menm oswa fanmi ou ka resevwa depann de kantite lajan salè ki endike nan dosye ou. Si tout salè ou touche pa endike nan dosye ou, sa ka diminye benefis Sekirite Sosyal pou ou oswa pou fanmi ou.

Kòman salè ka pa nan dosye mwen?

Si salè ki manke nan dosye Sekirite Sosyal ou se pou ane sa a oswa ane pase, ou pa bezwen enkyete pou sa. Paske salè sa yo resan, nou ka poko antre yo. Yo ta dwe parèt nan pwochen *Etadkont*.

Men tou, salè yo ka pa nan dosye ou pou ane anvan yo pou youn nan rezon sa yo:

- Travay ou te rapòte salè ou sou yon lòt non oswa yon lòt nimewo Sekirite Sosyal.
- Travay ou te mal rapòte salè ou.
- Ou te marye oswa divòse epi ou te chanje non ou, men ou pa t janm rapòte chanjman yo bay Sekirite Sosyal.
- Ou te travay avèk yon nimewo Sekirite Sosyal ki pa t pou ou.

Kisa mwen ta dwe fè si gen salè ki pa manke nan dosye mwen?

Si ou ta dekouvri gen salè ki manke nan dosye ou, premye sa pou ou fè se jwenn kèk prèv pou salè sa yo. Prèv sa a ka:

- Yon fòm W-2 (*Wage and Tax Statement—Salè ak Etadkont Taks*);
- Yon fòm taks;
- Yon souch chèk oswa yon bilten salè;

- Pwòp dosye salè ou; oswa
- Nenpòt dokiman ekri ki montre ou te travay.

Si ou pa ka jwenn okenn dokiman ekri ki montre salè ou; eseye sonje enfòmasyon sa yo epi ekri yo nan ti kanè ou:

- Kote ou te travay;
- Non kote ou te travay la;
- Dat ou te travay yo;
- Konbyen lajan ou te touche; epi
- Non ak nimewo Sekirite Sosyal ou te itilize pou ou te travay.

Kijan Sekirite Sosyal ka ede?

Aprè ou fin reyini dokiman ou yo oswa aprè ou fin fè yon lis tout enfòmasyon ou ka sonje, kontakte Sekirite Sosyal. Nou ap travay avèk ou pou korije dosye ou. Pwosesis sa a ka pran kèk tan, selon enfòmasyon ou pote ban nou sou salè ki pa nan dosye ou. Nou ka bezwen kontakte kote ou te travay yo oswa nou ka mande ou pou kontakte yo.

Kontakte Sekirite Sosyal

Pou plis enfòmasyon epi pou jwenn kopi bibliyasyon nou yo, vizite wèbsayt nou nan www.socialsecurity.gov oswa rele gratis nan nimewo telefòn **1-800-772-1213** (pou moun ki pa tande oswa ki tande di, rele nan nimewo TTY nou a, **1-800-325-0778**). Nou trete tout apèl yo avèk konfidansyalite. Nou ka reponn kesyon espesifik yo, nan lè 7 dimaten jiska 7 diswa, lendi pou vandredi. Nou kapab jwenn yon entèprèt pou w gratis ki pral pran telefòn la oswa ki kapab vini nan biwo lokal nou. Nou bay enfòmasyon tou nan yon sèvis telefòn otomatik ki fonksyone 24 èdtan pa jou.

Nou vle asire tou ke ou resevwa bon jan enfòmasyon avèk jantiyès. Se pou rezon sa a genyen yon dezyèm reprezantan Sekirite Sosyal pou kontwòle kèk apèl telefonik.

